

Fondasyon ak Prensip pou Angajman Kominotè ki Santre sou Ekite ak Enklizyon

Fondasyon

1. Moun ki pral sibi plis enpak chanjman klimatik gen dwa patisipe nan pwosesis desizyon ki gen rapò ak fason pou konstwi rezilyans yo.
2. Eksperyans lavi moun k ap fè fas ak vilnerabilite sosyal yo te chèche, rekonèt, epi valorize nan pwosesis pou defini pwoblèm, ak solisyon yo.
3. Yo te bay manm popilasyon EJ ak lòt gwoup priyorite yo enfòmasyon ki nesèsè pou patisipe aktivman kòm kolaboratè nan pwosesis desizyon an nan fason ki fasil pou yo li ak konprann, epi ak ase tan epi sipò pou yo ka byen entegre li.
4. Bezwen, enkyetid, objektif, ak priyorite manm kominote yo ak espesyalman popilasyon EJ ak lòt gwoup priyorite yo, enflyanse desizyon yo. Fason sa fèt pataje ak kominike avèk transparans.
5. Angajman se yon relasyon, pa yon tranzaksyon. Pwosesis la dwe vize pou bati epi kenbe relasyon ki baze sou respè mityèl ak respwosite.

Prensip Santral yo

1. Onore Konesans Lokal ak Lidèchip

Manm kominote yo genyen konèsans dirèk sou diferan fòs, pwoblèm, ak opòtinite ki egziste nan kominote yo. Konèsans sa a bay enfòmasyon enpòtan ansanm ak kontèks ki nesèsè pou desizyon gouvènman lokal yo dwe pran.

1A Divèsifye enklizyon pandan tout pwosesis la. Divès patisipasyon nan pwosesis planifikasyon ak angajman epi reprezantasyon nan pran desizyon, yo esansyèl pou respekte fondasyon ki site pi wo yo. Konsantre sou atenn moun ki istorikman pa t patisipe nan pwosesis planifikasyon yo, epi kolabore ak divès moun epi gwoup nan sansibilizasyon ak angajman w yo — espesyalman popilasyon EJ ak lòt gwoup priyorite yo.

1B Enplike moun yo anvan yo pran desizyon kle yo. Moun ki plis afekte pa yon desizyon dwe enplike depi nan kòmansman pou ede defini pwoblèm ak jan solisyon yo dwe ye ak sa yo dwe reyalize pou kominote a. Devlope patenarya ak lidè lokal k ap travay swa nan yon kad enfòmèl oswa fòmèl pou sipòte epi defann bezwen moun nan kominote yo (tankou konprann bezwen yo, priyorite yo, ak presyon y ap fè fas) kapab ede w jwenn aksè ak manm kominote w vle angaje ak aprann nan men yo a. Prewa yon bidjè nan pwojè w yo pou konpanse lidè lokal yo pou tan yo ak kontribisyon yo.

1C Kòmanse ak priyorite kominote a. Sa ki enpòtan pou popilasyon EJ ak lòt gwoup priyorite ka diferan de sa ki enpòtan pou ofisyèl minisipal oswa moun ki pa abite nan kominote sa yo. Respekte dwa moun pou detèmine tèt yo mande pou pataje—oswa menm remèt—kontwòl desizyon yo bay moun ki dwe viv ak konsekans desizyon sa yo, oswa ki sipoze benefisye de yo. Pataje desizyon nan fason sa a gen avantaj tou pou bati konfyans.

1D Onore kapasite ak ekspètiz kominote a ki egziste deja. Konsantre sou fòs, talan, konpetans, resous, ak kapasite ki prezan nan yon gwoup moun oswa nan yon plas, epi mete aksan sou atou sa yo nan angajman w. Pa egzanp, anpil kominote deja fè eksperyans ak enpak chanjman klimatik ak lòt kriz san parèy, tankou pandemi COVID-19 la. Rekonèt byen ki sòti nan inisyativ kominotè yo ki te devlope kòm repons, tankou kreyasyon espas kominotè, rezo èd mityèl, oswa metòd pou pataje enfòmasyon. Konsidere fason w ka itilize byen sa yo pou angajman, epi kijan w ka travay ak gwoup epi òganizasyon kominotè yo pou sipòte epi elaji travay yo deja ap fè. Bay valè a eksperyans lavi—konesans ki sòti nan eksperyans dirèk—kòm yon opinyon kritik pou enfòme planifikasyon ak pran desizyon.

1E Itilize done epi pale ak moun yo. Done ki enkli nan sous tankou Resansman Etazini yo enpòtan pou kòmanse konprann karakteristik vilnerabilite nan minisipalite w la. Zouti GEAR sou entènèt la ap ba w aksè a kèk nan done sa yo.

Sepandan, li esansyèl tou pou ale nan kominote yo epi pale ak moun yo; done ki disponib sou moun k ap viv ak travay nan kominote a ka pa ase detaye oswa espesifik pou konprann totalman vilnerabilite moun yo fè fas, epi li pa bay enfòmasyon sou priyorite yo.

2. Fè Enklizyon ak Aksè yon Priyorite

Fòme enklizyon ak aksè vle di asire ke tout moun, kèlkeswa ras, idantite seksyèl, kapasite fizik, etnisite, sitiyasyon ekonomik, nasyonalite, oswa oryantasyon seksyèl, santi yo akeyi, respekte, epi gen kapasite pou patisipe nan desizyon ki gen rapò ak pwojè ak planifikasyon pou kominote yo.

2A Ale kote moun yo ye epi kote yo santi yo an sekirite. Lè w ap kontakte moun ki tradisyonèlman te ekskli nan pwosesis planifikasyon yo, mete priyorite sou ale kote kominote sa a reyini oswa kote y ap viv – kote yo santi yo an sekirite. Sa ka enkli kolabore ak òganizasyon lokal oswa gwoup kominotè pou patisipe nan evènman ki deja egziste, oswa òganize pop-up oswa pale ak moun nan espas kote yo konn rasanble – swa nan yon pak, nan yon lakou jwèt, nan yon restoran lokal, oswa nan yon mache agrikòl. Konsidere travay ak travayè sosyal pou jwenn espas reyinyon aksesib nan lekòl, klinik sante, oswa biwo òganizasyon kominotè yo. Sepandan, li enpòtan pou rekonèt epi respekte lè antre nan espas yon kominote pa vle paske gen yon mank de konfyans. Nan ka sa yo, travay ak patnè ki gen konfyans kominote a ap ede jwenn fason pou angaje moun yo avèk respè ak swen.

2B Sèvi ak yon langaj aksesib epi ki santre sou moun yo. Itilize yon langaj klè ak dirèk ki pale ak eksperyans moun yo, epi defini mo kle ak konsèp ki ka pa familye. Evite langaj teknik, akwonim, ak idyòm (ekspresyon tankou “li ap fè lapli chat ak chen”) ki mande konesans espesyalize oswa ki pi difisil pou tradui atravè kilti ak lang. Adopte yon langaj ki mete moun yo an premye olye de baryè oswa dezavantaj yon endividi ap fè fas nan lavi yo. (Pa egzanp, sèvi ak “moun k ap viv ak andikap” olye de “moun andikape,” oswa “moun k ap fè fas ak sitiyasyon san kay” olye de “moun san kay.”)

2C Bay tradiksyon ak entèpretasyon. Fè l yon pratik komen pou tradui materyèl yo nan lang ki pi komen nan kominote w lan apa de Anglè, epi bay sèvis entèpretasyon nan evènman yo. Lè objektif prensipal ou se rive jwenn yon kominote ki pale yon lòt lang pase Anglè, òganize evènman an nan lang sa a epi bay entèpretasyon pou moun ki pale Anglè yo. Anpil platfòm sou entènèt, tankou Zoom, pèmèt entèpretasyon lang an dirèk lè yo aktive chanèl odyo separe pou entèprèt yo. Gen yon kontra nan nivo eta a ke minisipalite yo ka itilize pou anboche vandè tradiksyon ak entèpretasyon.

2D Elaji aksè pou tout kapasite. Kreye dokiman ki ka li ak lojisyèl tèks-a-vwa pou moun ki benefisye lè tèks la li a vwa wo. Mete opsyon pou soutit (closed captioning) nan videyo ak sou platfòm reyinyon sou entènèt, epi bay entèpretasyon nan Lang Siy Ameriken (ASL) lè sa nesèsè nan evènman an pèsòn. Anpil platfòm sou entènèt, tankou Zoom, ofri opsyon pou soutit yo.

2E Kreye plizyè fason pou moun jwenn enfòmasyon oswa patisipe. Òganize reyinyon ak evènman nan diferan lè nan jounen an, enkli wikenn ak aswè, ka ede akomode diferan orè travay. Konsidere angajman sezonye tankou sik agrikòl ak orè lekòl lè w ap chwazi lè evènman yo. Itilize plizyè estrateji diferan ap ede tou ogmante patisipasyon epi satisfè bezwen kiltirèl diferan gwoup yo. Ofri opsyon ibrid oswa vityèl pou moun patisipe sou entènèt, oswa transmèt evènman yo an dirèk atravè televizyon lokal oswa sou platfòm tankou Facebook Live. Lòt opsyon angajman tankou sondaj ki ka ranpli nenpòt ki lè ka yon bon fason tou pou tande opinyon moun ki mwens gen tandans patisipe nan yon reyinyon oswa evènman.

2F Enkli tout fanmi an. Bay swen/gadri pou timoun ak manje pandan reyinyon yo pou fè li pi fasil pou paran, gran frè/sè, ak lòt moun k ap bay swen yo patisipe. Konsidere fè patenarya ak òganizasyon kominotè oswa sant rekreyasyon minisipal ki ka ede bay espas oswa swen/gadri pou timoun. Fè konvèsasyon yo adapte pou enkli jèn yo, epi lè sa apwopriye, kreye aktivite fanmi pou moun nan tout laj ka patisipe.

2G Fè transpò fasil pou evènman ki fèt an pèsòn yo. Chwazi kote ki pre arè transpò piblik oswa ki aksesib pa bisiklèt oswa a pye pou fè li pi fasil pou moun ki gen andikap ak moun ki gen opsyon transpò limite, enkli jèn yo, pou patisipe. Konsidere bay kupon pou transpò pou diminye chay depans lan, oswa òganize yon sèvis woulib oswa navèt pou bay aksè transpò.

2H Respekte pratik kiltirèl vwazen w yo. Pratik ki santre sou ekite mande pou respekte epi entegre pratik kiltirèl moun koulè, imigran, ak lòt gwoup ki te tradisyonèlman ekskli oswa ki te sou-reprezante nan komite gouvènman lokal yo ak nan pwosesis desizyon yo. Pa egzanp, sa ka vle di reyinyon yo kòmanse ak yon repa epi ajanda a pa kòmanse jiskaske repa a fini, oswa ke gen plis tan pou konvèsasyon anvan yo abòde nenpòt pwèn ajanda. Tan siplemantè ke n pase ansanm sa a bay opòtinite pou bati relasyon ki depase pwojè espesifik y ap travay sou li a.

3. Ankouraje Angajman Alontèm

Angajman ekite se yon pwosesis kontinyèl ki enplike devlope relasyon, konpeyansyon mityèl, ak fason pou travay ansanm ki baze sou respè ak konfyans. Lè w ap panse sou angajman, konsidere kijan entèraki depase pwojè imedyata, epi sipòte popilasyon EJ ak lòt gwoup priyorite ki patisipe nan pwojè planifikasyon oswa komite konseye alavni.

3A Pran tan pou bati relasyon. Anpil kominote ki te fè eksperyans istwa eksklizyon ki long, majinalizasyon, ak domaj nan pwosesis planifikasyon gouvènman yo, ki gen ladan l kominote Nwa, Endijèn, ak kominote koulè, moun ki soti nan anviwònman ki gen revni ba, ak moun k ap viv ak andikap, kenbe ensètite ki byen fonde sou patisipasyon nan pwojè ki gen rapò ak gouvènman an. Li ka pran tan pou repare relasyon yo epi bati konfyans. Si premye efò pou rive jwenn kominote a pa reyisi, konsidere travay ak patenè kominotè pou konprann rezon ki fè sa, epi ki chanjman oswa etap siplemantè ki ka fèt pou bati konfyans ak fè entèraksyon an gen plis valè, chalere, oswa enpòtan pou kominote w ap eseye rive jwenn lan.

3B Rekonèt domaj istorik yo. Rekonèt istwa prejije byè sistemik ak majinalizasyon ki te pèsiste epi ki lakoz yon ogmantasyon nan vilnerabilite klimatik pou moun k ap viv oswa k ap travay nan kominote ou a. Jwenn fason pou kòmanse pwosesis reparasyon domaj yo ka pafwa santi l twò lou akòz gwo dimansyon travay la. Kòmanse piti ka ede. Tout minisipalite gen divès fason pou rakonte istwa. Istwa sa yo souvan itilize kòm naratif fondamantal nan dokiman tankou plan kominotè, sit entènèt, liv oswa atik. Sepandan, pifò nan istwa sa yo souvan inilateral e yo gen tandans ranfòse yon sèl pèspektiv. Youn nan aksyon pou konsidere se fòme yon gwoup travay ki responsab pou devlope yon naratif ki plis enklizif. Sa ka enkli travay ak ekspè Endijèn pou konprann istwa yo sou plas la epi entegre pèspektiv sa a nan istwa vil la. Enfòmasyon sa a kapab itilize sou sit entènèt la ak nan nenpòt lòt dokiman alavni.

3C Pwomote transparans. Transparans enpòtan anpil pou konstwi ak kenbe relasyon. Lè mank patisipasyon nan efò angajman rive souvan, sa ka soti nan santiman manm kominote yo ke opinyon yo pa tandè, oswa ke anyen pa janm sòti nan kontribisyon yo. Pou adrese pwoblèm sa a, li enpòtan pou klè sou objektif angajman w, kijan w espere itilize enfòmasyon kominote a bay, epi fè

swivi pou pataje rezilta yo. Anndan òganizasyon an, li enpòtan tou pou konprann resouzimèn ak finansye ou te dedye pou efò angajman yo pou evite fè twòp pwomès bay piblik la.

3D Bati relasyon ki gen avantaj mityèl. Travay pou konprann kijan minisipalite a ka sipòte bezwen ak objektif kominote a epi patisipe nan efò kominote yo. Konsidere kijan nenpòt aktivite angajman ka soutni yon relasyon k ap kontinye, olye de sèlman kolekte enfòmasyon pou objektif pwojè a. Sa ka enkli:

- Travay avèk lidè kominote yo pou idantifye fason pou sipòte kapasite kominote a, tankou estrateji ki vize pou devlope oswa jwenn nouvo konpetans, konesans, rezo sosyal, resous, oswa sous finansman ki pral pèmèt pou kontinye travay sou rezilyans oswa defann travay sou rezilyans menm apre pwojè a fini.
- Bay rezidan yo plis klate sou fonksyon gouvènman lokal la, enkli poukisa yon depatman egziste, kijan li sèvi kominote a, epi kijan rezidan yo ka defann oswa enfluyanse devlopman politik oswa pwogram yo.

3E Entegre lajwa. Sansibilizasyon ak angajman yo ta dwe fèt pou yo pote jwa, plezi, epi ankouraje lespwa. Travay sou rezilyans klimatik deja difisil. Bati relasyon yo difisil tou. Fè aktivite yo amizan ede moun pase atravè pati ki pi difisil yo.